

## Sentòm Dyabèt



### Dyabèt Tip 1

Sentòm dyabèt tip 1 serye anpil epi souvan yo parèt toudenkou. Pifò moun ki gen dyabèt tip 1 ap santi yo malad anpil paske nivo glikoz nan san yo wo.

Siy ak Sentòm Nou Wè Souvan  
Nan Dyabèt Tip 1:

- Pipi souvan (paske kò a ap jete glikoz an plis nan san an)
- Ou santi ou swaf anpil (paske ou pèdi anpil dlo nan kò ou)
- Ou toujou santi ou grangou (paske selil nan kò ou yo grangou pou enèji)
- Ou santi ou fatige (paske glikoz la pa antre nan selil pou yo pou transfòme an enèji)
- Vizyon ou doub (paske gen dlo ki monte nan twou je ou akòz nivo glikoz nan san ou ki wo)
- Ou pèdi pwa toudenkou san ou pa eseye, menm si ou vin gen plis apeti (paske kò ou pa kapab ilitize sa ou manje yo)
- Noze ak anvi vomi (paske ou gen setòn nan san ou )

Kèk moun ka dyabèt tip 1 kapab soufri asidsetoz dyabetik.



### Dyabèt Tip 2

Dyabèt tip 2 pa parèt toudenkou. Ou kapab pa remake okenn sentòm oswa ou sèlman genyen kèk ti sentòm lejè pandan plizyè ane avan yo detekte li.

Siy ak Sentòm Nou Wè Souvan  
Nan Dyabèt Tip 2:

- Pipi souvan (paske kò a ap jete glikoz an plis nan san an)
- Ou santi ou swaf anpil (paske ou pèdi anpil dlo nan kò ou)
- Ou toujou santi ou grangou (paske selil nan kò ou yo grangou pou enèji)
- Ou santi ou fatige (paske glikoz la pa antre nan selil pou yo pou transfòme an enèji)
- Vizyon ou doub (paske gen dlo ki monte nan twou je ou akòz nivo glikoz nan san ou ki wo)
- Ou gen enfeksyon souvan oswa li pran tan pou kote ou blese oswa gen maleng geri
- Pye ak men ou yo pike, fè ou mal oswa mò

### Kisa m ka fè?

Lè yo detekte ak trete dyabèt bonè sa kapab bese risk pou devlope konplikasyon ki genyen nan dyabèt. Pale ak doktè ou sou tès ou kapab pran si ou santi ou kapab gen dyabèt. Pran Tès Risk nou an ([www.diabetes.org/risktest](http://www.diabetes.org/risktest)) pou konnen si ou gen plis risk pou genyen dyabèt tip 2.

*W ap jwenn plis feyè sou sijè sa a ak lòt sijè sou entènèt nan adrès  
<http://professional.diabetes.org/PatientEd>*

**Pou plis enfòmasyon nan men American Diabetes Association (Asosyasyon Dyabèt Ameriken), ale sou sitwèb [diabetes.org](http://diabetes.org) oswa rele 1-800-DIABETES (342-2383).**